



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premii: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saban 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1,25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saban dinten Djoemoewah.



REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soera Katholiek:

1 taon f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 " f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie:

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN:

Raad Kaboepaten — Dr. Schutzer medar sabda — Gendra ing Dèli — Gandèngipoen Paloepe Darma kalijan Van-Lith-Stichting — Katoer poetri Tjina — Sociale actie toemrap Wanita Katholiek — Film doenia — Lempèng moeles—Badé sembada—Ontjen—Saking pakempalan — Oerap-sari — Nationalisme—Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

RAAD KABOEPATÈN.

Red. tapi kabar officieel, bilih sawoeng-sawoeng kanggé warga Raad Kaboepaten ing kiesdistrict Moentilan kados ing ngandap poenika (para maos priksa bilih kiesdistrict Moentilan angsal wewakil 3 wonten ing Raad Kaboepaten):

- 1. Radèn Abdoelrachman, GouvernementsIndisch Arts Moentilan.
2. Bono, Goeroe H.I.S. Blonde (Moengkid).
3. Radèn Djojoatmodjo, Goeroe Kweekschool Moentilan.
4. Mas Dwidjoatmodjo, Goeroe Kweekschool Mendoet.
5. Mas Hardjodarsono, Schoolopziener Moentilan.
6. Hardjopawiro, Loerah Moentilan.
7. Hadji Mohamat Sirat, Goeroe Ngadji Tamanagoeng (Moentilan).
8. Radèn Ngalm, Opzichter N.I.S. Tamanagoeng (Moentilan).
9. Prawirosoekarno, Koeli Bodjong (Moengkid).
10. Radèn Sarwardi, Ass. Wedono Sawangan.
11. Soekeno, Hoofdschatter Moengkid.
12. Mas Soemantri Reksodidjo, Wedono Moentilan.
13. Soemowijoto, Tani Tirtosari (Sawangan).
14. Radèn Soeparto, Ass. Wedono Moentilan.
15. Soeroesoekarto, Bekas Mantri goeroe Tirtosari (Sawangan).
16. Soetarmo, Particulier Tirtasari (Sawangan).
17. Mas Tjokrodimoeljo, Ass. Wedono Doekoen.
18. Tjokrohidajat, Koeli Ketoeng-geng (Doekoen).

DR. SCHMUTZER MEDAR SABDA.

III.

Tjara sanès kanggé ngerèh bangsa saged katindakaken.

Oepami wonten bangsa (golongan) katab, margi saking botenipoen sagedipoen ndjagi kawontenanipoen pijambak, ladjeng ngempal dados satoenggal ngwontenaken pradja satoenggal, ingkang ladjeng mrantasi betahipoen, makaten poenika temtoe sampoen mestinipoen; déné ingkang dados panoentoen, bangsa ingkang golonganipoen ageng.

Nanging poenapa pradja makaten poenika kénging dipoenwastani pradja ideal? Temtoe boten. Awit kalimrahanipoen makaten poenika menggahing politik rekaos sanget. Mila St. Thomas mrajogèkaken wontenipoen pradja mligi bangsa satoenggal (sagolongan). Déné pradja-pradja waoe saged gegandèngan sarana federatie. — samanten poenika manawi haking bangsa satoenggal-satoenggalipoen dipoenormati. — lan saged ngrembag karahardjaning pradja satoenggal-toenggalipoen kados mestinipoen.

Makaten poenika katjihna saking kawontenanipoen pradja ing Éropah. Mila jektos pradja satoenggal betah pitoeloengnipoen pradja sanèsipoen. Jèn ingkang kaseboet ing nginggil katoemrapaken dateng kawontenanipoen ing tanah Indija ngriki, poetoesaning rembag makaten:

Oeger bangsa ing Indonèsijah gadah wenang ngadjengaken lan damel saé pradjanipoen. Liripoen gadah pangraos kabangsan poenika, manawi salaras kalijan leleresan, boten nama soelaja kalijan kodrat. Pramila wewenang soemedy damel pranataning pradjanipoen pijambak

NGATOERI PRIKSA

ADRES REDACTIE LAN ADMINISTRATIE SWARA-TAMA

WIWIT TANGGAL 16 AUGUSTUS 1929 GANTOS:

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.

kedah kawangsoelaken, sabab poenika minangka srananipoen damel lestantoan lan rahadjenging bangsa manaoet betahipoen pijambak-pijambak.

Bangsa waoe kedah kaparingan pangrèh pijambak (zelfbestuur), samangsa poenika ngindakaken rahadjenging bangsa. Makaten poenika ngindakaken rahadjenging bangsa. Makaten poenika koewadjanipoen Nagari Welandi, sebab Nagari Welandi boten namoeng kabebahan mitoeloengi adjenging tanah Indija kémawon, ananging inggih koewadjan nenoentoen dateng kamadjengan.

Ing ngrikanipoen makaten poenika kados-kados sampoen kaleksanan i.p. pradja pinten-pinten sami gadah pangrèh pijambak, margi katahing lelabetanipoen Nagari Welandi.

Ing nginggil sampoen kaseboetaken bilih eenheidsstaat dèrèng nama ideale staat, sabab wonten pakèwedipoen toemrap golongan alit-alit, senadjing poenika terkadang sampoen gadah kamadjengan.

Déné menggahing pamilihipoen prakawis eenheidsstaat oetawi statenfederatie, mangsa borong para pangadjenging raos kabangsan, ingkang roemaos saged njepeng pangrèh pijambak.

Politiek ingkang kadjèrèng ing nginggil poenika sanès liquidatie, nanging namoeng mligi netepi koewadjan ageng ing atasipoen ingkang mbawahaken koloni kalijan kaloninipoen.

Toewan Middendorp nginten manawi Missie katholiek badé toemoet tjawé-tjawé. Panginten makaten poenika lepat babar pisan; awit missie poenika namoeng ngrembag babagan rohani. Déné manawi missie ngrembag kamadjenganing bangsa, poenika namoeng srana oetawi kadadosaning pandamelanipoen ingkang inggil. Dados warganing missie boten oesah dipoenadjihli menggahing politik.

Tjobi tjoeplikan saking Nawala Dalem Kangdjeng Santo Bapa Benedictus XV „Maximum illud“ kagatosna:

Warganing Missie kedah tansah kèngentan pangandika Dalem Goesti Jésoes: „Jalia marang bangsa lan omahé wong-toewanira.“ Warganing Missie boten ingoetoes ndjembaraken kraton ing donja, nanging kraton Dalem Goesti Jésoes; boten dinawoehan pados isèn-isènipoen donja, nanging swarga. Jèn missionaris ngantos soepé dateng koewadjanipoen, ladjeng namoeng ngoedi dateng kasowoering tanah woetah rahipoen, langkoeng-langkoeng kondang badanipoen pijambak, poenika nama ketjandak sesakit mbebajani.

Sadaja missionaris kedah noelad tindak-tandoekipoen Rasoe agoeng St. Paoloes ingkang saged mapanaken saliranipoen. Koewadjanipoen ngwijaraken kratoning Swarga, boten badé ngoedi indaking djembaring kraton ing donja.

GENDRA ING DÈLI.

Ing Sw. Tm. ngriki sampoen kerep karembag bab gègèran ing Dèli, bab kawontenanipoen para toewan-toewan onderneming lan pambantoe (assistant) kalijan koeli kontrakan. Poenika dados panggalihanipoen para inggil-inggil,

ingkang sami madosi poenapa djalarnanipoen lelanjangan waoe boten saé toemindakipoen. Margi saking poenale sanctie? Poenapa saking kemadjengan tanpa dedasar agami? Poenapa saking dakwenangipoen bangsa hartawan dateng kaeom-behah? Poenapa bendara lan koeli sami boten soemerep wewatekanipoen satoenggal lan satoenggalipoen? O mila boten gampil mong-ingemongan poenika, manawi kalih-kalihipoen tebih dateng sakedik kalih kedik poeroen èngèt, poeroen ngawon. Angèlipoen malih manawi sanès bangsa, wah! boten namoeng basanipoen kémawon ingkang béda, nanging langkoeng-langkoeng wewatekan.

Poenapa lelampahan ingkang sapoenika nggoemoenaken makaten poenika roemijin inggih boten naté toemindak? Manawi boten oetawi awis sanget, lah sapoenika lepatipoen wonten poendi? Déné roemijin boten sapoenika teka makaten? Poenapa kalih-kalihipoen kadonoengan lepat? Lah ingkang ngroemijini?

Tjobi dipoen-jakinaken tjoeplikan saking koran „De Planter“. Panjerat sampoen ngalami pijambak, sampoen taonan njipati kawontenan ngrikoe. Saking pamanggihipoen panjerat, ingkang ngroemijini (ingkang lepat) tjang Welandi pijambak. Toewan tanah (toewan onderneming) saja dangoe, saja moekti kaleksanan sedyanipoen, mila ladjeng saja nebihi (éwa dateng) koeli-koeli.

Kalih dasa taon kapengker gesangipoen toewan tanah kalijan koeli? atoe toentoet, sami mong-ingemong, soemerep koewadjanipoen pijambak-pijambak. Jèn pinoedjoe vrij (hari besar) roemijin sami amengameng, nersakaken mbebada kadèrèkaken koeli-koeli, main bal tampèl (tennissen) lan kesoeakan sanès. Déné koeli-koeli sami neng-gani, seneng-seneng lan kadawoehan mendetaken bal poenapa. Manawi wonten ingkang kawon, kalijan soerak-soerak. Malah manawi pinoedjoe pista, koeli ingkang bregas kalijan ngladosi dahar. Makaten poenika damel mareming bendara lan koeli, mila gesangipoen sami tentrem-tentrem. Sonten toewan-toewan (toewan besar kalijan njonjah besar inggih boten kantoen) asring toewi dateng pondokipoen (grija kongshèn) koeli perloe mirengaken anggènipoen sami oera-oera oetawi naboehe gamelan. Wonten ing grijanipoen mandor besar toewan-toewan oegi kersa kasegah oendjoekan bir. (Sapoenika? djidjik?) Mandor boten mreodoeli bab regi lan boten adjihli tjoejtjoel arta; manah wontenipoen namoeng mongkok, déné teka samanten panganggepipoen ndara toewan dateng badanipoen. Prakawis sajah margi njamboet damel awrat, boten dipoenraosaken, manah dipoenlipoer, djer toewanipoen inggih boten ngétang kangèlan. Koeli boten naté ketowoehan manah sing-sing, boten naté gadah krenteg badé medot oetawi késah.

Sareng sapoenika kados-poendi? Risak ndjawi nglebet! Nginggil bibrah, ngandap boten kedadosan. Sapoenika djaman madjeng, inggih poenapa boten? Toewan-toewan sami montoran, plesir-plesir, angger hotèl dipoendjègi, boten nolih poen koeli. Déné koeli-koeli? Sami klèntjèran, metjaki radinan, klinting-klinting,

dipoeniming-iming barang pèni-pèni ing toko-toko, badé toembas . . . sak . . . kotong. Poenika jèn hari besar. Wontenipoen ladjeng namoeng nggagas-nggagas kawontenanipoen pijambak ingkang nalangsa lan kasarak, jèn katimbang kalijan kawontenanipoen toewan-toewan. Woesana sami antjan kalijan kantja, reraosan lan ing ngrikoe ketowoehan pangantjan-pangantjan, kelampahan medal tékadipoen ingkang boten-boten. Njamboet damel sampoen prasasat boten kongang, roemaos boten wonten ingkang dipoenadjeng-adjeng. Samangsa wonten prakawis sakedik kémawon (oepami toewan marah) ing ngrikoe ladjeng soepé dateng sadajanipoen, teroes poeroen ngedalaken gliati oetawi kléwang.

Sinten ingkang lepat? Kawontenan makaten poenika poenapa saged lestantoan? Poenapa boten prajogi wangsoel dateng djaman roemijin? Djaman ingkang damel tentrem, inggih djaman nalikanipoen tjang ing onderneming saé roemengkoehipoen dateng sesami, ngertos dateng hakipoen tjang gesang sasarengan? Soemangga dipoen-galih ingkang sajektos, awit poenika nama prakawis oemoemoedjoe dateng sadéngah makloek. (Ingkang rekसारोemeksal) noewoen!

S.

GANDÈNGIPOEN PALOEPI-DARMA (P. D.) KALIJAN VAN-LITH-STICHTING (V. L. S.)

Lempiran Swara Tama No. 24, ingkang ngemot prekawis-prekawis, gegajoetan kalijan badé adegipoen van Lith-Stichting, ngemot pangadjak ingkang toemoedjoe dateng Paloepe-Darma. 1)

Maos poenika, koela teka ladjeng koemedah-kedah atoeer rembag, kagaliha oetawi botenipoen mangsa boronga.

Rembag koela boten medal saking ambek koeminter. Wosipoen namoeng ngoedi saéning lampah. Sarèhning koela njipati mentjoenggoelipoen P. D. Njipati, wiwit P. D. teksih awoedjoed gagasan, doemoginipoen gatra. Njipati, nalika P. D. warganipoen: Kirang saking gangsal, dados jèn pareng atoeer rembag. Sinaosa ingkang kawowogan sampoen boten kekalapan.

Saking panginten koela, boten wonten awonipoen, moerih gambilang pamawas, jèn koela roemijiniipoen ngandaraken sakedik bab babadipoen P. D.

Pakempalan Moeda-Katholiek *) poenika nalika teksih dèrèng gatra, awoedjoed gagasan, makaten: É, wong Djawa Katholiek ikoe, kaboeoethané babagan Rohuni sapèrangang gedé(?) isih disangga bangsa Walanda-Katholiek. Soengé para Pastoor, dalah sinaoené, kang nragadi sadoeloer Walanda-Katholiek. Mangka koewi kaboeoethankoe déwé, sesanggankoe déwé. Wis pantésé wong Djawa Katholiek wiwit mangerti marang sesanggan kang loehoer lan abot ikoe.

Koela sedaja roemaos kepotangan kesaénan. Kedah soeka atoeer panowoen.

*) Asoeraos: Ansal-ansalanipoen jatra P. D., kaklempakna kalijan Seminarie-steunkas. (S. G.)

*) Paloepe Darma; ing Ngajodja wonten pakempalan madeg énggal „Moeda Katholiek.“ Red.

Gagasan dados tindak.

Oedjoebing pakempalan, ngrèntjangi adjenging Missie ing Tanah Djawi. Sarananipoen: Sembahjangan lan nglempakaken jatra. Anggènipoen pados warga alampah slenteman (stilletjes.) Ing pangangkah njirik panjéda: Jektos, indaking warga loemintoe, ngantos nalika kepjaké adegipoen, taon 1925, Gedong-gadjah-moengkoer (tooneel-zaal) ing Xaverius-College Moentilan kebak bleg para warga P. D. Para moerid Kweek-lan Normalschool saha H.I.S. sami ngempal ing ngrikoe. Nalika samanten, jèn boten klèntoe, Pangrèh sampoen wonten. Nama dèrèng gadah. Mila ladjeng pilihan nama. Ingkang kapilih: Paloepe-Darma. Ngantos sepriki.

P. D. mentjoenggoelipoen wonten Moentilan. Dangoe anggènipoen ngoender ing tlatah Moentilan. Pangrèh oegi tansah ngoedi, loemèmbaripoen dateng sadjawining koekeban rikoe, nanging wiwitan prasasat tanpa damel. Wonten kémawon sandoenganipoen. Nanging tjekak aos: Saja dangoe, saja mindak wijar tebanipoen, ngantos sapoenika, taon 1929, gadah tjabang-tjabang.

Babaring rembag. Megaring oedjoeb: Ngrèntjangi Missie ing Tanah Djawi: Kedjawi Sembahjangan, Toemoet nragadi sinaoenipoen para Moeda Djawi, ingkang badé dados Imam. Kabaripoen malah sampoen saged miwiti. **)

Gatoekipoen kalijan pangadjak Comité Priesterfonds, makaten: Van-Lith-Stichting (?) ingkang badé madeg, ijasa: Seminarie-steunkas, ingkang toedjoenipoen manoennggil kalijan P. D.

Tjobi kagatoekna kalijan pangadjak nginggil. Rak sampoen dados pantesipoen, jèn Pakempalan Moeda-Katholiek najogjani karsané Wredda-Katholiek. Soepados kijat. Alit nanging sentosa. Wredda-Moeda saged gandèng.

Moeda Katholiek — warga P. D. Wredda Katholiek — warga V.L.S. Wasana soemangga lan moegi dados penggalihanipoen Wredda-Moeda Katholiek. 2)

Atoer panowoen koela katoer Rama Redactie. Moegi kersa ngintoenaken 1 lembar dateng Pangrèh P. D.

Tilas warga P. D. S. Gadga.

LARASATI

KATOER POETRI TJINA.

Tabik, njah ngantèn! Nas, sampoen doeka lo! Pandjenengan rak teksih totok, dines kombok ta? Kok koerang moenggoeh, diseboet njah ngantèn. Rèhning pandjenengan pan-tjen nijat pados sadèrèk, koela inggih angladosi. Pandjenengan koela atoeer „Sobat baik Lèninnaah“. Nanging koela kok anggadhahi sanggaroenggi, gèk pandjenengan poenika preminis ingkang minda-minda njon-njah Tjina, kados déné sadèrèk Semoer, sareng wonten tanah Tjina ladjeng nama „bah Mak Oen“. Emoh akoe nèk ngono!

Noewoen, sapoenika kereparengan njaosi wangsoelan pandangoe pandjenengan ing tjarakawarti Swara-Tama 2 Augustus 1929 poenika. Menggah anggèn koela nganggé tembenoengan kados ingkang pandjenengan petik poenika, lenging sedy, namoeng koela anggé ngatoeri sadèrèk wanita, sampoen ngantos kénging invloed saking sadèrèk Mevr. C. Soetjilah Admasoedarma, ingkang toendonipoen saged andjalari klintoe tampingipoen kadang wanita. Amagi sareng koela maos karananganipoen Mevrouw Adma waoe, koela ladjeng anggadhahi panggra-

**) Mila jektos sampoen, sawatawis woelan kepengker. Red. Sw. Tm.

*) Langkoeng-langkoeng para Panoentoe-Moeda-Katholiek-Djawi. (Jeugd-leiders). Moegi karsaa ngadani tjabang-tjabang ing panggenan sanès. Moerih ngrebda. Katerangan dateng: Pangrèh P. D. Moentilan. (S. G.)

jangan, bilih Mevrouw Adma waoe anggènipoen ladjeng kagoengan pangandika katah-katah kados ingkang wonten tjarakawarti no. 21 poenika, amargi pandjenenganipoen kagoengan kejakinan bilih para wanita poenika oegi sami kagoengan vrije wil lan hak sasami-sami kalijan kakoeng. Bab kekadjengan mardika lan hak sasami-sami poenika koela inggih tjtjog, namoeng kémawon, kakadjengan mardika waoe sampoen kok ladjeng dipoen-agem, saksiripoen pijambak, kedah dipoen-eneraken dateng kaoetamèn. Kedjawi manawi pantjèn sampoen ngaloe oetawi nékad, emboeh-emboeh mbésoek, sapa sing weroeh, lara kepénak dak sangga-sangga déwé, ing ngriki sampoen loepoet tjinatoer. Nanging jèn pantjèn ingkang nedyo ngoedi kaoetamèn, sampoen kok ladjeng migoenakaken kamardikanipoen, kanggé pados kasampoernan mblasar, oepami sampoerna, pinter anggènipoen ngoetoet oetawi malih sampoerna njoekit enz. Lah rak sida gendeng-gendengan temenan. Mlèsèt saking toedjoenipoen.

Lah sapoenika hak sasami-sami kalijan kakoeng, poenika koela-pantjèn kirang damang dateng ingkang dipoenkarsakaken Mevr. Adma. Poenapa inggih sami anggènipoen lampah nasar-nasar. Jèn kakoeng madat, èstri inggih njerèt. Awit temboengan vrije wil kalijan hak sasami-sami waoe koela mligi mendet saking orèhanipoen Mevr. Adma, namoeng gentos koela anggè ngodjok-sadèrèk sadèrèk wanita. Oepaminipoen wonten pangandika makaten: „Lo, sadèrèk pandjenengan poenika kampijoen, mila kedah oemoek.” temboeng kampijoen waoe ladjeng koela pendet, gentos koela anggè njarijosi: „Inggih leres pandjenengan poenika kampijoen, nanging sampoen kok ladjeng oemoek.” Tjjobi koela toeri maos orèhan koela malih ing tjarakawarti no. 22, anggè koela nganggè tetemboengan waoe rak makaten poenika trapipoen.

Menggha saking pamanggih koela, bab haking wanita sami kalijan prija, poenika ing bab kamoengsanipoen. Dados kamoengsaning wanita poenika sami babar pisan, boten kok ladjeng satengah kéwan oetawi boten samanoengsa èstoe, poenika boten. Bab djedjering kamoengsanipoen sami trep, kalijan kakoeng. Bab lampah-lampah oetawi koewadjanipoen toemrap pangabdinipoen dateng Pangéran inggih sami. Boten kok ladjeng kados déné oetjap-oetjapan. „Wong wadon soewarga noenoet.” poenika boten babar pisan. Badéa kakoengipoen dados santo pisan, jèn poetrinipoen nékad nglampahi awon adjengan, inggih boten saged toemoet minggha Swarga. Mila atoer koela hak sasami-sami waoe sampoen kok ladjeng kanggé djor-djoran, dateng lampah ingkang blasar. Lan sarèhning kamoengsanipoen wanita poenika sami kalijan kakoeng, mila tindaking prija inggih sampoen sawenang-wenang dateng wanita. Wontenipoen sami atoer roekoen, toeloeng-tinoeloeng ngoedi kaoetamèn, poenapa déné lipoer-lipoer ing salebeting kasoesahan. Noetkinoetan dateng pamanggih ingkang leres, sampoen kok ladjeng ambrengkelo ngagem karsa, pribadi. Jèn makaten temtoe badé saé sadésto toemindakipoen, tata tentrem anggènipoen rerajatan. Makaten ingkang koela kdjengaken. Tabik, Njah Ngantèn! É, Sobat baik Lénin-nah, kok!!

Bagawan TJITONING
Taman-Gading.

**SOCIALE ACTIE TOEMRAP
WANITA KATHOLIEK.**

Koela laras-laras teka sampoen moeje pangrembagipoen wanita Katholiek (W.K.) anggènipoen sami badé toemoet noetoeti ébahing djaman. Pangadjeng-adjeng koela sageda kasembadan, namoeng poma: *sampoen ladjeng nilar dedasar kita Katholiek.*

Koela boten badé njéda oetawi mabeni bibi C. Soetjilah Atmasoedarma, diadjeng A. Swasti Astoetilah c.s. namoeng badé njaois tjoleikan sekedik saking „De Sociale taak der Roomsche vrouw in onze dagen” karangan dalem Mgr. J. D. J. Aengenent, Bisschop ing Harlem.

Poenapa wadjibing W.K. wonten ing madyaning djagad ramé poenika? Wangsoelan: *tradjang negatief lan positif.*

Negatief. Mitoeroet dedasar Kth., kadang kita wanita katholiek boten kénging toemoet mboedjeng ébahing para wanita, ingkang sami badé ngangkah njamèni hak-hakipoen para prija (de radicale vrouwenbeweging, de strevingen van feminisme of vrouwenemancipatie). Lo, jèn makaten poenapa kita ladjeng nganggèp para wanita langkoeng asor? O, boten babar pisan, kita tjijang katholiek ngakeni bilih para

wanita djadjar lan para prija. (Juist, wij katholieken beschouwen de vrouw als volkomen gelijkwaardig). Ing poendi papan ingkang sinebaran piwoelang dalem Pasamoewan Soetji dradjading para wanita temtoe dados loehoer.

Kita ngakeni bilih wanita lan prija sami, djer ngèneti: kodrating manoengsa, sangkan-paraning toemitah, sami kaparingan raga lan djiwa, sami soewita ing Pangéran, sami gadah wewenang nampi gandrajan langgeng ing swarga.

Sanadjan kita ngakeni bilih wanita sami kalijan prija, poenapa saparipolah, satandang-tandoek sasolahingkah kedah sami plek? Nènek mojang kita kerep kémawon wijanti: „Dadi kepriyé-keprijé sing wong lanang sing amba djangkahé, balik wong wadon karoebjoe kabotan pindoeng.” Lo poenika sampoen wonten ngesipoen. La, jèn wanita saiki rak wis wiwit njoeda njamping malah rok-rokan. Inggih mangga mawon! Pramila manawi wanita nandoekaken patrap satjaraning prija, nama soengsang boewana balik.

Ladjeng poendi bebahan gèndonganipoen para wanita? Wah awrat saèstoe sampoen kaidit kagèndongrinten daloe boten wonten kèndelipoen: *nggoela-wentah poetra ndjagi rajat.* Kalih bab poenika sampoen sami kasangga miring. Mangga sami dipoen-gatoekaken kalijan pemanggihipoen toewan Jan Holland: „Sing sapa ora ngadjèni penggawéjané wong wadon, njélaki kanjataan, manawa rajat ikeo dadi toeké kasaras lan lelarané, kasenangan lan kasoesahané maatschappij. Milanipoen maatschappij tjalon risak manawi para wanita boten ngertos nindakaken satjaraning iboe.

Positief. Toemindakipoen sarana njaèkaken organisatie, dados ladjeng mbetahaken pakempalan: oepaminipoen: pk. Wanita Katholiek, Melania vereeniging, Elisabethvereeniging etc. Saking katebihan koela ndèrèk bingah déné ing Ngajodja, Solo, sampoen wonten pakempalanipoen Wanita Katholiek. Gèk ladjeng bédjeng poenapa ing kita koela wonten pakempalan W. K.? Éman diplomaniipoen lan kawasisaniipoen para dwidja rini wedalan Mendoet lan Ambarawa jèn boten kapigoe-nakaken. Rak sami pirsas ta: „Rust roest.”

Taklim koela:
Arimbjatmadja.

**KOEROE SÈTRA
FILM DOENIA.**

mBokmanawi Rama Redacteur ragi kagèt, déné poen panjerat sampoen lami boten njaois boeloe bekti; njoewoen pangapoen-ten, saweg alangan; ribed. Tjjobi sapoenika koela selakaken.

I. S. D. A. P. konangan lamisipoen!

„Als de S.D.A.P. b.v. vandaag de regeeringleids als in Nederland kan krijgen dan is Indonesië morgen al vrij” poenika satoenggiling punt ingkang katjoengsoel-tjoengsoelaken déning S. D. A. P. toekang ngénaki sarak dateng sad. Ind. Nationalisten Malika Congres S. D. A. P. ing Nijmegen, anggènipoen ngiler kapéngin main rol nganggè dolanan sad. kita Indonesiërs. Oetek ingkang kirang-waras temtoe njoenggi „temboeng lelamisan waoe”. Jèn koela maos koran-koran ndjawi, langkoeng-langkoeng ing pers-overzicht, sok kerep kapeksa goemoedjeng pijambakan. „O, samono dradjadmoek, kena dienggo dolanan oewong”.

Dèrèng dangoe sad.: Roestam Effendi ing Den Haag damel artikel ing D. K. ingkang njrijosaken taketik saha djerohaning S. D. A. P., lamising S. D. A. P.

Nationalisme kedah boten tjampoer tangan lan Socialisme oetawi Communisme; kedah ngalèr ngidoel.

Kasagahan-kasagahan saking S. D. A. P. waoe namoeng sarana kanggé ngénaki sarak, anggènipoen badé ndamel dolanan sad. Indonesiërs. Kasagahaning tw. Stokvis ingkang mnginaken waoe, sadjatosipoen namoeng kanggé pados pamrih.

Toedjoening Nationalisme langkoeng loehoer tinimbang socialisme. Mila...

Dados sampoen katah sad. Nationalisten ingkang ngemohi dateng „Stokvis-isme”, nanging sing tenanan loo; jèn nijat ngemohi, ja isme-né ja srana sing kanggo ngajak toedjoené. Langkoeng-langkoeng ingkang weksan...

2. Kabangsan...? „Liever dood geworgd dan met de toek te truwen”. (Loewih be-tjik mati tjekèk tinimbang rabi (laki) singkèk). Tetemboengan poenika nélakaken sapinten pisahing kabangsanipoen tjina pranakan lan toek; langkoeng-langkoeng ingkang

wonten ing tn. Tjina. Sakedik sanget tjatjahing Emigranten tjina pranakan ingkang wonten ing tn. Tjina ingkang saged kempal lan singkèk. Tjrijosing pers-overzicht ing Chinou-Universiteit kerep sanget wonten tjatjohing krahaniipoen student-student singkèk lan tjina pranakan, ingkang andadosaken kirang saké-tjaning golongan kalih-kalihipoen. Pisahing sadèrèk tjina pranakan lan singkèk kénging katemboengaken kaja banjoe lan lenga (over 't algemeen als olie en water). Mila boten nggoemoenaken jèn wonten sadèrèk tjina pijambak (pranakan) wonten ingkang ngemohi dados Chineseche onderdanen, pilih dados Nederlandsche onderdanen, djer Chineseche Regeering sadjak ngoewalokaken dateng para Tjina pranakan. Kawontenaken kados makaten waoe saja dangoe sadjak radi sanget, langkoeng-langkoeng sareng sad. journalist „Kwee Hing Tjiat” ingkang wonten ing tn. Tjina kerep damel artikel ingkang wosipoen njrijosaken rekaosipoen tjina pranakan wonten ing tn. Tjina. Manoe Sinar Sumatra koran Tjina, journalist Kwee Hing Tjiat waoe naté mitoeteri dateng sanak kadangipoen Tjina pranakan: „Sing ngati-ati; angèl banget bisamoe olèh pangan ana ing tn. Tjina. (K. H. T. heeft be-weerd; dat de pranakan Chineezen geen rijst kunnen krijgen in China).

Sin Po naté ngewrat artikel, protèsipoen pakempalan „Koan in tang” ing Soerabaja dateng Regeering Tjina, soepados noendoeng Kwe Hing Tjiat, djer... tjrijosipoen mbebajani, damel pisahing golongan pranakan lan toek; damel... Tjjobi dipoenentosi kémawon poendi ingkang leres.

Sadèrèk, djagad Tjina poenika ing wekdal mangké kénging koela wastani saweg moebal-moebaling raos kabangsan, saweg memendemipoen dateng Nationaliteits-gevoel, éwasamanten kados makaten pisahing golongan pranakan lan toek, ingkang saben dinten prasasat djinoedjoe ing „Nationaliteits-gevoel.” Radi béda lan Walandi lan Indo. Noeswantara sapoenika makaten oegi; kados-poendi grading Nationalisme-nipoen; pandjenengan saged doegi pribadi.

Poenapa tjina pranakan tjalon boten dipoenakeni noenggil sabangsa lan tjina toetok? La tjalon toemoet bangsa poendi? Poenika sadaja tak-sih dados pitakénan ingkang angèl sanget wangsoel-wangsoelanipoen. HERCULES.

LEMPÈNG MOELES.

Koela mentas matoer wonten Sw. Tama bab modèlipoen kaoem Nasijonal ingkang boten saé poenika, ingkang sami nengenaken ètjènan gandum lan seneng moedjèkaken disamber ing bledèg. Toer Nasijonal saèstoe inggih dèrèng kinanten. Doemadakan mentas kémawon, Mataram mentas metik saking A. I. D. bilih i-èr Soekarna mentas damel parepatan (poenapa congres) wonten Bandoeng mawi bangsa moedjèk-moedjèkaken malih.

Lo, rak boten laras ta! Bab i-èr-ipoen koela roedjoe kémawon, nanging anggènipoen seneng moedjèk-moedjèkaken waoe rak moeroegaken nggegakal bangsa.

Hoofd Redacteur „Kaoem-moeda” dipoenpoedjèk-poedjèkaken ang-sala wewelaking Pangéran lan jèn kepareng dipoenkintoenana pest pisan, déné poeroen-poeroen boten roedjoe aksi nasijonal. È-èh kok laras temen. — ladjeng Mataram weling: „mbok sing soemèh ta! (Vriendelijkheid is toch maar alles!” Mataram).

Lo, koela sanès kaoem sana, koela tjijang Djawi ingkang nggagas kawiloedjengan kedjawèn. — Soemerep ingkang makaten, moeles lempèng koela. Awit toendonipoen tindak makaten poenika: njebar tjatjohing krahnan. Dados boten kok mranani Mataram, A. I. D. oetawi hoepredaktoer „Kaoem - Moeda”.

Poenapa boten wonten srana kanggé noelak bangsa „ètjènan” lan „moedjèk-moedjèkaken” poenika? Bok tjjobi radi sijam, ngengirangi boten moedjèk-moedjèkaken awon sawatawis.

Oepami temboeng aloes poenika boten mikantoe, tenèh donja boten mbetahaken para ahli sastra lan kerawitan.

Èh, dos-poendi pjantoen, kok tjetek temen!

Brama.

SAKING PAKEMPALAN.

P. G. H. B. tjabang Malang.

Kala tanggal 2 Augustus 1929 P. G. H. B. tjab. Malang ngawontenaken pakempalan warga. Ingkang rawoeh wonten prijantoen goeroe ± 200. Djam 9.30 èndjing pakem-

Nationalis lan kominis pantjèn béda! semanten waoe manawi kalih-kalihipoen boten naté selang gelar. Terangipoen: kalih-kalihipoen béda, manawi ingkang nasionalis boten njamboet pakéan kominis lan ingkang kominis boten njamboet radjakepoetrèn nasionalis. — Nanging manawi kalih-kalihipoen asring ketinggal amböngloni, boten lepatipoen ingkang njawang manawi ladjeng wonten soedjanan dateng nasionalis.

Sampoen koela andaraken ma'loemat Dr. Soetama lan Anwari boetarapan kalijan pers Walandi ingkang ngominisaken pergerakan nasionalis. Dr. Soetama c.s. ngakeni jèn pergerakan nasionalis dateng para Tjina pranakan. Kawontenaken kados makaten waoe saja dangoe sadjak radi sanget, langkoeng-langkoeng sareng sad. journalist „Kwee Hing Tjiat” ingkang wonten ing tn. Tjina kerep damel artikel ingkang wosipoen njrijosaken rekaosipoen tjina pranakan wonten ing tn. Tjina. Manoe Sinar Sumatra koran Tjina, journalist Kwee Hing Tjiat waoe naté mitoeteri dateng sanak kadangipoen Tjina pranakan: „Sing ngati-ati; angèl banget bisamoe olèh pangan ana ing tn. Tjina. (K. H. T. heeft be-weerd; dat de pranakan Chineezen geen rijst kunnen krijgen in China).

Pandjenenganipoen Dr. Schmutzer boten tanpa koepija lan paseksèn anggènipoen njangga-roenggèni toentoenan P. N. I.

1. Dr. S. metik ngendikanipoen Pangerèh, ingkang samangké kapoendi soendoel langit déning sadèrèk nasionalis, ingkang soeraos: sanadjan sampoen atoesan ingkang ka-Digoelaken, Pangerèh, ngèneti korèdan kominis ingkang taksih kantoen, boten mokalaken bilih Regeering tembé winking kapeksa ngepelaken astanipoen, njoemerepi kados-poendi satoenggiling golongan anggènipoen nanggapi kasabaranipoen Reg. (van enkele zijde) lan njoemerepi, bilih prabawaning Moskou wonten ing ngriki taksih teroes.

2. Dr. S. njoengolaken gandèngipoen pergerakan nasionalis kalijan Liga tegen koloniale onderdrukking (ingkang nembé poenika parepatan wonten ing Francfurt, lan sad. Hatta toemoet dados warga pangerèh! Pr.). —Mangka Liga waoe Regeering-ingriki anggènipoen mastani: Liga ikoe ing babagan warna-warna kena dirani pirantining Derde Internationale.

Pènget. „DERDE INTERNATIONALE.”

Poenapa poenika? Karl Marx lan Friedrich Engels poenika tjijang kalih ingkang tjikal-bakal SOCIAAL-DEMOCRATISCHE PARTIJ. Taen 1848, tjijang kalih poenika ngedalaken „COMMUNISTISCHE MANIFEST”. Inggih ing manifest poenika mantjoengolipoen ingkang roemijin pijambak omel-omelan: Kantja-boeroeh sadjakad, ngoempoel ta ngoempoel (Proletariers van alle landen vereenigt u!)

Ing th. 1848 tjijang kalih waoe ngedegaken de INTERNATIONALE (arbeids-vereeniging), katjekak „INTERNATIONALE”, ingkang toedjoenipoen saben taen badé damel parepatan-kaoem-be-rah oemoek saking sadaja negari. Ingkang limrah kaseboet namoeng Internationale tiga: Eerste, Tweede lan Derde. Eerste madeg th. 1864, manggèng ing London doemoegi th. 1872. Tweede madeg th. 1889, manggèng

palan katapoekaken. Bab ingkang karembag lan kapoetoes:

1) Ngabsahaken notulen. 2) Serat pangaken (toekenning) saking V. B. P. G. H. B. 3) Ngabsahaken H. R. tjabang. 4) Goeroe V. I. O. Poetoesaning rembag P. G. H. B. tjab. Malang: I boten tjtjog kalijan kersaniipoen dep. v. O en E, bab njoe-da bajaripoen goeroe V. I. O.; II notjogi motienipoen V. B. P. G. H. B. III motest sakijat-kijatiipoen bab poenika. IV ngatoeraken motie dateng dep. van O en E, dateng Volksraad lan koran-koran. 6) Ngawontenaken pepanggihan kanggé goeroegoeroe. 7) Ngawontenaken wakil dateng Inspectie lan ingkang soeka katrangan bab onderwijs dateng sak dèngaha. Ingkang kadadosaken R. Tamat le H. I. S. lan Rm. W. Notokoesoemo R. K. H. I. S.

8) Commissie Volksonderwijs (R. Tari, M. Dirdjosoemarto, M. Hardjosoewito, R. Reksowinoto, M. Martosoedjono.

9) Njawaogaken lid Inl. school-commissie. Ingkang kaadjengaken sadèrèk M. F. Oentoengrahardja, M. Djojosoegito.)

10. Nampi cursus A. B. C. saking sadèrèk goeroe 5.

11. Njoewoen dateng Kangdjeng Boepati soepados pasaran goeroe doesoek katampèkna tanggal nèm, lan njoewoen soepados sekolahan doesoek katoetopa dinten Ngahad.

12. Pitakénan kadjawab sapan-tesipoen.

Kinten djam 1.30 pakempalan katoetoept kanti wiloedjeng. secr. Notokoesoemo.

Abn. no. 506 njerat: K. W. Soerabaja sampoen sekawan woelan adamel ada-ada ngawontenaken Kath. begrafenisfonds (K. B. F.) ingkang njekapi kanggé kabethanipoen para sadèrèk R. K. Djawi ing Soerabaja.

Saben lid kedah mbajar jatra extra f 10. — katjijil loenas kaping 5. K. B. F. waoe sampoen saged ngendoeh wohipoen sapisan saweg tg.

ing Genève lan Derde Internationale 1919 manggèng Moskou; ingkang ngedegaken tjijang sosialis bolsjewiki (bol-sjevistische societen) ing Roestan.

Bolsjewiki. Wiwit bakda konggrès London th. 1903 ladjeng wonten pergerakan sosialis 2 ing Roestan; a) sosialis ingkang abrit sanget revolutionaire-ipoen, nama bolsjewiki. Poenika pleg toeggij tjaj kalijan partij Wijkoop, oetawi wijkopianen; b) namoeng djambon, nama mensjewiki; poenika toeggij tjitakan lan S. D. A. P.

3. Dr. S. oegi ngetingalaken temboengipoen tw. Middendorp, ingkang witjantèn, bilih ing system Perhimpoenan Indonesia (pakempalanipoen para setoedèn Indija ing Nederland; katoentoen sad. Hatta Pr.) sandé-boten sandé badé wonten bebentoesan. P. I. gandèng lan pergerakan nasionalis ing ngriki, sebab P. I. pikantoe behaban adamel propaganda, lan mireng-mirengaken soewanten ing Genève.

4. Tw. Stokvis oegi kapendet paseksènipoen, kados anggènipoen njerat ing Het Volk (serat kabar s o s i ing Nederland. Pr.). bilih tirahan kominis-kabangsan sami noesoeh wonten ing P. N. I.

Regeering pijambak ing Volksraad-zitting 6 Aug. nglepataken pers Walandi (Europeesche pers) anggènipoen tanpa sebab ingkang mapan sami pating brengok „galo-galo” nasionalis kominis. Nanging Negari memoedji, sampoen ngantos para pantoentoen pergerakan sami sepi ing raos ngertos lan èmoet dateng wadjab, kados anggènipoen sampoen katerangaken déning Dwidjasewajan lan Middendorp. Woesananiipoen Negari poma-poma jèn ngantos pangadjeng-adjenging Pangerèh waoe kadamel koetjiwa, boten namoeng leiders, nanging inggih pergerakan badé kasonto-lojo (dan zullen tegen de leiders, wellicht ook tegen de beweging zelve, scherpe maatregelen MOETEN worden genomen). Hararak diagag-agagi, ditjara moerid nakall

Dadakan Mr. Koesoema Soemantri wonten (ing Medan) damel aksi kalijan Perkoempoelan Kaoem Onderneming! Iha dalemé digropjok poelisi; kepanggih serat-seratiipoen, ingkang nerangaken, bilih ramé-ramé ing Gewest ngrikoek katoentoen saking Medan, lan toedjoening pakempalan kasboet badé njétani koelikoeli lan golongan sanès mengsah Pangerèh; temahan Mr. -ipoen dipoensengker wonten ing Bindjei! Mr. K. Soemantri lid P. N. I. Ha rak ndrawasi kanggé pergerakan nasional! Mila manawi P. N. I. badé ngguruhaken temboengipoen toewan Stokvis, boten kénging boten kedah njoetiki kroema-kroema abrit poenika lan kedah andoewa sarosaniipoen dateng S. K. B. I.

Pramila.

6-8-'29 kanggé sadèrèk R. B. Soemadirja ingkang nandang sisah katilaran poetra alit saweg oemoer sawatawis woelan. Sampoena wonten K. B. F. rak inggih radi téjé-téjé, amargi onkosipoen wonten ing kerkhof walandi klas mirah pijambak kanggé laré f 55. Widadaa K. B. F. Soerabaja.

K. W. saha K. B. F. waoe matoer sanget kasawoewon dateng sadèrèk R. K. Djawi sampoen wiwit ngililir saking saré, sapoenika kantoen tata-tata badé boesana tindak dateng poendi P. P. K. D. ? Dèrèng wantoen, noen prijantoen! Sebab katah bégalipoen ing margi-margi, mangka réntjanganipoen dèrèng sami sajeg roekoek mbekta dedamel, koewatosipoen Bestuur K. W. bilih sami kepladjeng déning mededi *bosenan*; Soerabaja toeking kasenangan, nanging namoeng seneng tanpa tandja. Soewawi para moeda-moeda (vrijgezellen) sami toemoet nggoegah-nggoegah oetawi ronda-ronda grija ingkang taksih katah para R. K. ngétja-étja saré dateng kadojanipoen (eigen belang). Mesakaken saèstoe, ngitjalaken asmanipoen soewargi rama v. Lith. Kasengsem dateng sadjawining djagad Katholiek. (Wonder boven wonder!) Sapoenika sa-oepami saben panggènan sadèrèk-sadèrèk dados lenggananiipoen Sw. Tm. (dinten kijamat sampoen tjepak Red.) idjo rojo-rojo kaja pangantèn anjar, sinten angsal nama? Temtoe sadèrèk R. K. sadaja moerid-moerid-ipoen soewargi rama v. Lith. Mila bestuur K. W. ing Soerabaja saweg dinten minggoe 11-8-'29 oegi damel pepanggihan kanggé sadèrèk R. K. mawi kasambi nganggè tjamakan (temtoe pepak warga-warga. Red.) perloe sampoen kénging mededi *bosenan*, troes-troes ngrembag prakawis madjenging parepatan sapanoenggilaniipoen. Sadèrèk bestuur St. Paoloes (Marineschepelingen) oegi toemoet kempal, dados nababahi reespoen R. K. Djawi ing Soerabaja. —

Pakabaran saking Malang.

Sampoen sawatawis dinten sapriki Pakempalan Katholik Djawi Malang (P.K.D.M.) ngwontenaken parepatan taenan. Warga ingkang rawoeh wonten 14.

Djam 8 daloe parepatan kabikak mawi tata-tjara Katholik. Sasampoenipun pangarsa ngatoeraken kasoegangan, panitra ladjeng maos jaarverslag. Para warga katingal gambira mireng goenggoenging wohing pakempalan, kadosta:

1. Saged mitoeloengi sadèrèk Vincentius ingkang katimbangan ing Goesti dateng djaman kalanggengan. (Pangoeboer lan panjoekoepping lajon).

2. Adeg ing grédja kanggé wandawa Katholik Djawi.

3. Mahargjakaken Rama paran para rikala ingkang taenan, mawi tetingalan ingkang saé lan tjao piseoengsoeng ingkang saé lan katah damelipoen.

4. Ngedegaken Dyonisiusbond, ingkang kadjengipoen njebar piwoelangiipoen Goesti.

5. Langkoeng seneng lan tentrem ing galih sareng mireng, bilih kas Pangrokti laja radi loemajan lan sampoen gadah peti, dados boten soemelang jèn kadawahana oerak.

6. Ngwontenaken Retraite.

7. Njaosi piseoengsoeng P.E. Mgr. De Backerre.

8. Ngwontenaken Kerkraad.

Sasampoenipun poenika ladjeng pilihan pangrèh énggal.

Pangrèh lami:

F. Oentoengrahardja vz.

W. Notokoesoemo vvv.

M. Soemasoewignja secr.

C. Poesawardaja pm.

B. Koesnadijasa comm.

Pangrèh énggal:

W. Notokoesoemo vz.

F. Oentoengrahardja vvv.

M. Soemasoewignja secr.

A. Soemarta pm.

B. Koesnadijasa comm.

Sareng sampoen telas ingkang karembag pangarsa napoekaken pista taenan, mawi kasoekan.

Djam 1 daloe parepatan katoe-toep kanti soenging.

N.K.

Sampoen sawatawis woelan sadèrèk R. Brataatmadja (C. Poeloeng-gana) angsal sihing Pangéran binoesanan djoebah loemebet dados pastoor orde van O.L. Vrouw van de Berg Carmel. Para wandawa Katholik ing Malang sami gambira ing manah, ngroemaosi badé gadah Pangéng ingkang peng-pengan, lan ngadjeng-adjeng, sinten ingkang badé karsa ambantoe fr. Dyonisius Brataatmadja sarana tindak dateng Boxmeer.

KABAR KATHOLIEK.

Ringkesan oemoem bab kawontenaning Missie tanah Tjina.

Sanadjan katah roebédanipoen, pakarjaning para Oetoesan Dalem ing tanah Tjina oegi katingal nje-ngaken. Salebetipoen taoen 1928 wonten bangsa Tjina satoes djine-badan dados Imam. Tjatjah samanten poenika angantawisi sengkoet-ing panjamboet-damelipoen para Missionaris. Tjatjah satoes poenika oegi angagengaken manah ngantos para Oetoesan Dalem kagoengan pangadjeng-adjeng ing taoen tjandakipoen bokmanawi tjatjah samanten poenika saged tetep, mandar kapara saged langkoeng. Lan inggih kanjatan ing taoen poenika tjatjahing maha siswa ing Seminarie Ageng wonten pitoeng atos.

Tjatjahing Imam bangsa ngaman-tja mindak taoen oegi katingal saja mindak tjatjahipoen. Ing salebetipoen sadasa taoen indakipoen Imam bangsa ngamantja kagebag ratjak wonten 1000, i.p. kala taoen 1918: 2361, taoen 1928 wonten 3.367.

NATIONALISME.

II

(Tjandakipoen Pramila katja kalih podjok nginggil).

Katresnan dateng bangsanipoen watek kosok-wangsoel kalijan nasionalisme ingkang sampoen katoer. Katresnan poenika tjeplosipoen boten sanès kedjawi roemaosing manah anggènipoen kita sami gadah koewadjaban dateng sesami, lan koewadjaban saja ageng menawi sesami waoe saja tjelak. Kadjeng koela: Djawi sami Djawi koewadjabanipoen langkoeng ageng katimbang Djawi dateng Tjina; Djawi dateng Welandi lankoeng ageng katimbang Inggris oetawi Djepang, djer Djawi lan Welandi toenggil sapradja. Wonten ing koewadjaban ngrikoe boten babar pisan wonten raos sengit dateng sanès, samnipoen koe-

Sanadjan mitoeroet tjatjah-tjatjah poenika katingal madjeng, éwadéné Missie ing tanah Tjina taksih tansah kekirangan baoe. Para Pastoer ingkang katah padamelanipoen momong poeta-poetranipoen Katoelik, ngantos boten patos kober memoelang para ingkang dèrèng Katoelik. Sekolah-sekolahan ingkang saja mindak-mindak katahipoen, oegi kekirangan baoe. Malah wonten ing sawenèhing papan, langkoeng-langkoeng ing tengah (Human, Hupeh, Kiangsi, Honan), para Imam boten saged oetawi angèl sanget anindakaken ajahaning Oetoesan, kadosta: ambikak sakolahan, moelang Agami, ngopèni grija pamijara laré lola, l.s.s. Tjatjahing laré ingkang sakolah, oegi moendoer, kala taoen '25: 267.768, sareng taoen '28 namoeng 243.671. Margi makaten waoe indaking tjatjah djiwa Katoelik oegi boten andedel sanget. Kala taoen 22 - 23 indakipoen tjatjah Katoelik wonten 75.000, sareng taoen poenika indakipoen kintenkinten namoeng 25.000. Inggih sanadjan namoeng samanten mindakipoen, nanging inggih sampoen nama dawah tjekap, sarta para ingkang dados Oetoesan pantes sanget pikantoe pangalembana. Kala taoen 1908 tjatjahing djiwa Katoelik ing nagari Tjina wonten 1.141.710, taoen 1928: 2.463.750. Dados ing salebetipoen kalih dasa taoen tjatjahipoen tikal kalih langkoeng.

Katoelik wonten ing Balkan.

Nouvelles Religieuses ing Paris njarjosaken bilih Pasamoewan Soetji pikantoe koekoeban malih wonten salebeting djagad Islam ing Éropa. Ing tanah Balkan katjarjos wonten tjatjahipoen Islam 4 mljoen. Tjantjah samanten waoe ingkang katah toeroenipoen tjatjah Katoelik, ingkang kala djamanipoen tanah ngrikoe karegem sadèrèk Islam sami moertat saking Agama Kristen. Ing provincie Bosnië kalijan Herzegowina kala taoen 1741 wonten Katoelikipoen 40.000 (5%)nipoen tjatjah djiwa sadaja; taoen 1878 mindak dados 209.000, oetawi 18%, sa-poenika sampoen dados 409.000 oetawi 25%nipoen djiwa sadaja.

Kabar oemoem Indonesia.

Motor bus kasangsaran.

S. T. J. saking Ngajodja njerat: Nalika dinten Kemis Pon 8/8-'29 kinten-kinten djam 1/2 éndjing, bus merk Slamet 3 ingkang loemampah Djokja - Ngidjon, wonten sangadjenging grija Walandi ing Taragan (sakilèn Godéjan) noemboek témboking brug alit lan teroes katjemploeng ing kalèn. Déné motor busipoen risak babar pisan, pe-nuempang ingkang tatoe limrah 12, ingkang tatoe awrat 4. Malah wonten ingkang ngabaraken sadaja ti-jang ingkang tatoe poenika sareng kabekta dateng ing grija sakit Ngajodja sadoemoeginipoen ing grija sakit wonten tjatjah éstri 1 ingkang katingal sampoen pedjah, namoeng sonten gesang malih. Déné tjatjah waoe tjatjah Kilèn Praga, toer saweg wawrat. Sopiripoen nami Toekimin inggih nandang tatoe awrat.

Mitoeroet katranganipoen salah satenginggil poenggawaning bus ingkang sangsara waoe, djalaran sopir ngantoe, mangka mlampah 55 dados inggih kalebet santer. Ing-atasipoen margi Djokja - Ngidjon poenika kalebed tjioet lan katah pakèwedipoen pantjèn wonten kénging motor bus jèn ngantos loemampah 55. Déné sopiring bus waoe sopir énggal, pikantoe serat pretanda saking poli-tie saweg 4 dinten, nanging dè-rèng angsal kir dokter, dados ing-gih dèrèng absah anggènipoen da-dos sopir kanggé motor bus. Milanipoen inggih ngoewatosaken sanget, jèn wonten sopir nglampah-aken motor njambi ses rokok, omong-omongan lan goegoeljon, mangka katah sanget para sopir ingkang sok makaten poenika.

Langkoeng-langkoeng jèn penoem-pangipoen para bakoel enèm toer resik mangka sopir waoe sampoen kenal sanget, tamtoe njetir kalijan nolah-nolèh rengang-rengeng.

Persatoean Coöperatie Indonesia.

P. C. I. adegipoen kala taoen 1927, ananging inggih namoeng aran, awit temenipoen dèrèng saged poenapa-poenapa. Inggih miwiti ngadegaken pandjengnipoen Mr. Boediarta, toewin R. M. Soewardi. Kala 2 Agustus P. C. I. ngawontenaken konggrès wonten Betawi, ingkang noentoen Mr. Sartana.

Manoet andaraniipoen sadèrèk Angron Soedirdja, P. C. I. angangkah angempalaken katjisanipoen bangsa kita, sarana oepami ngadeg-aken pabrik wos, pabrik sigarèt, lss.; perloenipoen sageda bangsa ngriki poenika manoech seneng migoenakaken barang-barang wedalanipoen pijambak. Ing Tjirebon, Nga-jogjakarta, Pekalongan sampoen wonten pakempalan bebaton makaten poenika, malah ing Soerabaja sampoen wonten pangrèh adegan badé andjangka manoechngiling pakempalan coöperatie.

Pamedar sabda sadèrèk Kassa angandaraken bilih djoemedoelipoen pakempalan poenika sareng pangoe-padjiwanipoen bangsa ngriki kating-al ngal potar-potèr. Pakempalan poenika badé kapérang-pérang: *verbruik coöperatie*, soepados tetijang ngriki saged pikantoe barang-barang kanti regi mirah sanget; *njamboetaken arta*, soepados tjatjah ngriki boten doemawah ing tjangereming para lintah darat. Tjekak, coöperatie badé anindakaken sagedipoen anje-kapi betahing tjatjah ngriki babagan: tetedan, panganggé, grija, arta. Pamedar sabda amrajogèkaken soepados pakempalan poenika toemoenten ihtijar amboedidaja sageda pikantoe pawitan temah saged toemindak kalajan toemoenten. Poenapa malih, oegi soepados ngawontenaken aandeel ingkang reginipoen mirah, perloenipoen soepados sadaja bangsa ngriki saged toemoet gadah aandel.

S. K. B. I.

S. K. B. I. poenika tjekakanipoen nama Saréké Kaoem Boeroeh Indonesia. Dèrèng dangoe poenika Nagari ngonangi manawi S. K. B. I. lalajanan kalijan Liga anglawan pamalinder ing tanah Djadjahan. Panoentoen S. K. B. I. ingkang katjengipoen wonten Soerabaja i. p. sadèrèk Marsoedi, Goenardja, Alijadi-redja, Moeljana, sami kaesoelaken soepados kaboetjal dateng Digoel. Katjarjos mitoeroet serat-serat ingkang karampas, tétéla bilih S. K. B. I. soemedya damel gègèr.

Betawi - Soerabaja sadinten.

Betawi - Soerabaja saestoe tjalon saged kagandèng sarana sepoer sadinten. Prakawis poenika wiwitipoen toemindak béndjing tanggal 11 November. Soepados wiwit-wiwitan mila sampoen saged toemindak saé, tanggal 14 woelan poenika ing Soerabaja badé wonten papanggihan kalijan pangageng sepoer sisih Wétan.

Koeli pelaboehan mogok.

Kala tanggal 9 Agoestoes, koeli-koeli pelaboehan ingkang njamboet-damel wonten Midden Java Veem ing palaboehan Soerabaja wonten kawandasa sami mogok. Anggènipoen mogok waoe margi pasolejan prakawis blandja. Rahajoe, boten wonten reresah poenapa-poenapa. Pakarjan teksih saged teroes, margi dipoenbandjeli koeli-koeli saking addeeling sanès ing Kampoeng Baroe... Sapoenika saweg kaeroes, poenapa pogokan waoe gandèng kalijan actie S. K. B. I.

Rawoehipoen Radja Sijem.

Kala tanggal 5 Agoestoes, Sang Praboe Sijem dalah Pramèsuari sampoen doemoegi ing Tandjoeng-prijoek, nitih baita Maha Chakri,

ADAMEL NALANGSANING MANAH.

„Hebben de eilanden van de groote Oost een toekomst?" „Poenapa poelo-poen ing tanah Wétan ingkang ageng poenika wonten ingkang dados pangadjeng-adjengipoen?" - mekaten pitakènipoen toewan Apituley rikala medar sabda wonten parepatan Raad Kawoela tanggal 31 Djoeli.

Pamedar sabda pitakè makaten, margi mangertos padagangan boem-bon tjakèn ing tanah ngriki amelas, kadesoek déning pamedal saking Zanzibar. Toewan Apituley ladjeng njoewoen poenapa Departement Tetanèn boten saged andandosi kawontenan mekaten poenika!

Kedjawi poenika, pamedar sabda oegi njarjosaken bilih padagangan lisah petak ing Boeroe katjengipoen wonten tanganiipoen bangsa Tionghoa miwah Arab. Inggih makaten poenika poenapa Paréntah boten saged narékahi kawoela alit sagedipoen padagangan waoe katindakaken pijambak?

Sinten ingkang ngrasaken wedaring sesorahipoen toewan Apituley kaseboet nginggil, kinten koela inggih nalangsa kados koela.

Wonten Sin Po koela naté mre-goki pratélan loemebeting tjengkèh dateng tanah Djawi toewin Madoe-ra, kados ing ngandap poenika:

th. 1926 1.947 ton, pangaos: f 2.016.000
th. 1927 3.033 ton, pangaos: f 2.519.000
th. 1928 3.122 ton, pangaos: f 2.583.000
th. 1927 (4 woelan)

332 ton, pangaos: f 492.000
Tjatjah samanten katahipoen poenika ingkang kakintoenaken dateng Semarang:

th. '26 1.686 ton, pangaos: f 1.708.000
th. '27 2.483 ton, pangaos: f 2.032.000
th. '28 2.304 ton, pangaos: f 1.996.000
th. '29 (4 w.l.) 245 ton, pangaos: f 418.000

Para maos! Mangga koela atoeri njetitèkaken angka-angka nginggil poenika.

Tjengkèh samanten waoe, asalipoen saking Afrika Wétan bawah Inggris. Lan samanten poenika sasat mèh sadaja kanggé preloening pabrik rokok krètèk ing kita Koedoes. (-Padagangan rokok krètèk ing

Koedoes pantjèn ageng saestoe. Tjantjah pakampoengan ing salebetipoen kita katah sanget ingkang anggaota motjok damel rokok, oetawi njamboet damel wonten pabrik krètèk).

Wedaring sesorahipoen toewan Apituley, poenapadéné pratélan angka-angka poenika, ngngètaken dateng alam windoe-kantjanipoen tanah ngriki.

Sinten ingkang boten mangertos, bilih kina-kinanipoen tanah kita poenika dados goedanging boembon-tjakèn?

Sinten tjatjahipoen ingkang boten naté mireng bilih tanah Indija poenika roemijin-roemijiniipoen kadatangan bangsa mantja perloe kilak mritja, pala, tjengkèh sasaminipoen?

Poenapa bangsa kita kala roemijin boten anggadhahi monopoli sadé tjengkèh?

Éwadéné, . . . sapoenika boten sadé malah toembas; boten ngintoenaken, malah andatengaken sanès nagari!

Kawontenan ingkang makaten poenika saestoe adamel pribatosing manah! Sarta, inggih kedah kaprihatosaken para ingkang soemedya andjoendjoeng dradjading tanah Indonèsjah!

Ing ngriki babar pisan koela boten nedy ambebangoes panggalihipoen para maos ngontog-ontog kalijan sabab warni-warni ingkang andjalari tanah kita ladjeng kaplorot ngantos doemoegi samanten! Koela anggadhahi pangadjeng-adjeng soepados para maos (langkoeng-langkoeng para lantjoering pergerakan) amboedidaja ingkang saestoe sagedipoen padagangan waoe poeli dados darbèk kita malih. Apesipoen, kedah amboedidaja sageda boten soesah andatengaken tjengkèh saking sanès nagari!

Mangga, sinten ingkang kagoengan ichtijar?

Pandan Wangi 5 Agoestoes.

Taklim: PATJAR MERAH.

Ngleresaken.

Ing Sw. Tm. no. 26 katja l kolom III larikan 12 saking nginggil moeng-el: kadang koela: leresipoen: kadang kala.

CORRESPONDENTIE.

Kanggé DONATEUR-DONATEUR wekdal sapoenika teksih adjeg roemijin. Déné ingkang roemaos saged ngindaki, inggih sokoer, djer reginipoen Sw. Tm. mila inggih mindak.

Mevr. C. S. Atm. Sampoen, nanging boten saged matjak. Inggih kantoen inggih sampoen; sabar roemijin.

Sad. Atma, briefkaart sampoen kateroesaken. M. Sr. Sngkr. Dèrèng kleresan. Inggih tjekak, nanging mentes. Sampoen kirang ing pangaksama. Kesesa-sesa badé pindahan. Sampoen sah.

Sad. R. P. Brata Singasari dipoensabaraken roemijin.

Sad. Brama. Kirang matoek. Sanèsipoen kababaraken roemijin.

Soerabaja. Abn. 506: manawi béndjing malih njerat kados nembé mangké poenika (nganggé briefkaart, seratanipoen ngremit, boten tjeta) onherroepelijk naar de prullenmand.

Poerwardja: J. D. Soem. Anggènipoen nge-tip [typen] bregas, resik, nanging kok kiwa-tengen: jèn makaten malih dateng prullenmand.

Tegal Kramat: J. Sastrasoewignja. Lot pandjengan no. 00711. [Ngidjon, Kalibawang telas].

Japara: Boegel D. Adisewaja. Lot pandjengan no. 00712. [Ngidjon, Kalibawang telas].

K. W. Ngajodja, soembanganipoen K. W. Soerabaja kanggé pandjengnipoen Fr. D. Hardjasoewanda kadjabel.

kaetoetaken baita perang nama: Phra Ruang. Nalika baita Sijem dateng, ladjeng dipoendjadjari baita perang Java, torpedo kalih, baita silem kalih, sarta kinoermatan mawi drèl déning baita Java. Baita Maha Chakri waoe rinengga-rengga asri. Ing ngadjeng, wingking toewin nging-giling baita, wonten rerenggan saklangkoeng éndah awoedjoed peksi garoeda kaekir-oekir saklangkoeng ngremit. Watawis djam 9.30 G. G. angagem pangageman tjemeng, nitih motor kapasangan bandéra Walandi toewin Sijem kadèrèkaken adjoedan kalih. Rawoehipoen wonten pale-repan pinahargya moesik lagoe Wilhelmus. Djam 10 baita Sijem laboeh, Inggih Witjaksana toemoenten minggah ambagèkaken. Bakda poenika toemoenten toem-dak ing daratan. Para pangageng ingkang sami wonten taroeb pakèndelan inggih ladjeng ambagèk-aken. Kala samanten ladjeng kapireng oengeling telagon kabangsan Sijem. Asmanipoen Sang Praboe Radja Prayadhipok. Bakda saking ngrikoe, djam 10.15 Sang Praboe nitih sepoer, tindak Weltevreden.

Sadèrèk tjatjah Mangkak njerat makaten:

Pantes dipoentiroe.

Kala tanggal 16 Maart 1929, Leider Ambachtsschool Prambanan kapoendoet ingkang koewaos, dateng djaman kelanggengan, margi sakit sampoen sawatawis dangoe, mawi nilar garwa, saha poeta teksih alit-alit. Margi saking poenika para goeroe Ambachtssch: Ngajodja, ladjeng damel comite, perloe mitoe-

Sadèrèk tjatjah Mangkak njerat makaten:

Pantes dipoentiroe.

Kala tanggal 16 Maart 1929, Leider Ambachtsschool Prambanan kapoendoet ingkang koewaos, dateng djaman kelanggengan, margi sakit sampoen sawatawis dangoe, mawi nilar garwa, saha poeta teksih alit-alit. Margi saking poenika para goeroe Ambachtssch: Ngajodja, ladjeng damel comite, perloe mitoe-

malangi dateng djembarang kapra-bon Dalem. Mila mawi kapilah-pilah, awit wonten wadjibing kama-noengsan (manoenngsa sadaja) ingkang manawi kakesoepèkaken dados bebajaning sesami lan ngawontenaken roewet-reseming ingkang anggoendjingaken tetimbangan ing djaman gesang: i. p. manawi nasionalisme ingkang ngendjeripoen makaten tjandranipoen: manteng-manteng goemetering kredijit ngrasaken nggoel lan kasantosanipoen pijambak, ngantos saking koemloeng-koengipoen éwa lan soemengit dateng bangsa sanès, satijang lan bang-rangipoen, poenapa déné ngorong sarawé-rawé rantas, badé ngelar djagad djadjahanipoen. Pramila nasionalisme tjandala ingkang tansah adamel srenging tjatjah remen ajem lan tentrem, nasionalisme mbeboet-tek banjoe bening, nasionalisme mengsahing bangsa, bangsanipoen

pijambak lan bangsa sanès.

Nasionalisme kados makaten tjeng-kok lan kaboedidajan (cultuur) lan anti nationala. Mila makaten awit ingkang woeta boten njoemerepi pangaoesing tjatjah sanès lan bangsanipoen tjatjah sanès, boten poeroen ngaken lan njoemerepi bilih tjatjah sanès bangsa inggih gadah wewenang; poenika sebabipoen nasionalisme ngrisak angrabasa tata-tentrem, mbibrah laras loeroes toewin roemaket, roemangkinging bangsa sami bokas, tjatjah sami tjatjah.

Nasionalisme anti nationala, sebab: anggoegah hardaning kanepson, ngwoewoeh-owoewoeh ngadjak perang, ngetog kakijatan, ngintjeng barang djasmani, anggoedag toedjoe ingkang lèrègipoen namoeng dateng badanipoen pijambak, ketingalipoen ngadjrih-adjrihi, nanging èstoenipoen boten, djer poenika boten ngindak-aken daja oetawi kekijatan, wang-

soel namoeng damel sèkènging bangsa. Djalaran nasionalisme ingkang kados makaten poenika anggoegah oetawi ngawontenaken mengsah. Mila namoeng ketingalipoen nangèk-aken kekijatan, nanging èstoenipoen ambibraken kasoesilaning bangsanipoen. Wonten bebaskan Inggris: right or wrong my country - bener loepoet, nanging absah, awit migoenani marang tanah kelahirankoe. Tjobi poenika dipoenantepi mangké koela poeroen dipoentjèwèr, manawi djagad boten saja memend, bebèki jèn boten malah mbanjaki.

Mila manawi namoeng ningali gebjar, tjatjah gampil kepéantjoe; nanging ingkang pramana soemerep bilih nasionalisme poenika antina-tionala poenika: wit saminipoen, sekar megar, ron ngremboejoeng, nanging wohipoen ngemoe wisa.

J. M. J.

Ngatoeri priksa
tg. 9-8-'29 kapengker, kleres
lairipoen anak koela no. 1

IG. DÉWANTA

boten langkoeng tansah pina-
joengana barkah pangestoeni-
poen Goesti Jésoes lan para
Soetji, pra noepiksa jèn lega
kaatoeran: „bidt voor hem”.

MARJAHARDJANA
Mt. Soerani en Th. v. K. Soeti.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

DJOKJA

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap

DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA

tanggong beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN

LUXE- en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELEN

KINDERWAGENS — SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

M. v. BIENE.



Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swaras Tama

dapat POTONGAN.

INGKANG NJEPENG LARÉ,
NGRENGGANI DJAMAN
TEMBÉ - WINGKING!

Prijantoen,
JEUGDORGANISATIE
sampoen kasangga
miring!!

YIO SEN

PEKERDJAAN: BAIK!

TOEKANG GIGI

ONGKOS: PANTES!!

MOENTILAN
(hotel).

DAN PAKÉ GARANTIE!!!

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30.	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30.	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6 - 7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerworedjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara - Tara 7.30.
Djember 7.30.	Medari ⁶⁾ 9.30 (mal.).	Sambas 6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:	Meester Corn. 7.30.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30.
Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30.	Muntok 8.	Semarang:	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30.	Ngawi ⁷⁾ 7.30.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾ 7.30.	Pajakombo 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Kediri 7.30.	Palemboeng 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Pasoeroean ¹⁾ 7.30.	Soekaboemi 6 - 7.30.	
Koeta Radja 6.30 - 8.			

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.
²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

loengi, tilas sémahipoen sapoetra-
poetraniipoen, ingkang nembé tilar,
sarana nedakaken derma dateng
para goeroe Ambachtssch:ing poendi-
poendi panggénan, dalasan ingkang
njlempit, inggih kedatengan lijst der-
ma. Déné angsal-angsalanipoen para
comité waoe, inggih sampoén nama
loemajan; kalih dasa Ambachtsschool
ingkang kedatengan lijst derma; boten
kétang sakedik sadaja sami ngintoeni,
totaal djéndral angsal f263,81. Arta
semanten waoe nalika tanggal 3 Juli
'29 ladjeng kakintoenaken dateng
tilas sémahipoen ingkang tilar, mawi
kapotong f13,51 kanggé ongkos ser-
rat-serat. Ingkang makaten waoe
poenapa boten pantes dipoentiroe?
Mangké sareng niroe, ladjeng boten
kersa nglebeti roekti-woeri, jak loe-
tjoe pjaji ki. Roekti-woeri boten
kénging dipoenlirwakaken, nadjan
sampoén, toemoet tanggoeng djiwa,
pinten-pinten panggénan. Ngageng-
aken derma dateng tjang kasoesab-
an, margi kapedjahan, langkoeng-
langkoeng kados ingkang koela a-
toeraken ing nginggil, mawi nilar
laré toer teksih alit-alit; poenika pa-
manggih koela, langkoeng perloe, ka-
timbang njoembang dateng tjang
ingkang gadah damel mantoe, netaka-
ken, selapanan, kaoelan; nadjan ti-
jang mantoe enz. waoe ragadiipoen
katah, nanging oegi saged kadamel
tanpa wragad. Langkoeng-langkoeng
njangoni dateng prijantoen ageng
ingkang badé pindah, toer ingkang
sampoén genah soegih doewit, poer-
sekoté akèh, ning inggih boten nama
oejab ketjemploeng banjoe, djer nje-
njoekani ing sanès poenika boten
wonten awonipoen, malah sineboet
loma; nanging kedah ngémoeti, ing-
kang alit, ingkang sampoén genah
njamboet gawéné iplik, bajaré titik,
linggoché dingklik, nganggé dipoen-
blanggendangsoeoeod; saha ngé-

moetana oegi poendi ingkang lang-
koeng perloe, poenika kalomanana
makaten gagasan koela.

Warga Raad Indija tjang siti.

Katjarijos, wisoean warga Raad,
van Indië golongan Priboemi keka-
lih, kasarèhaken roemijin ngentos
adeging Kabinet énggal ing Neder-
land. Koloman tjalon warga badé
kaatoeraken roemijin dateng Minister
énggal. Déné ingkang kaesoelaken
Paréntah ngriki soepados dados
warga Raad Indija, pandjenengan-
ipoen Pangéran Harja Koesoema-
joeda (tilas Boepati Panaraga),
kalijan R. A. A. Djadiningrat tilas
Boepati Sérang ingkang sapoenika
wonten tanah Éropah.

Adjoeng Djeksa Tionghoa.

Pewartu Dèli njarijosaken, toewan
Tan Lam Sam djoeroe basa Land-
raad ing Bindjai kaangkat dados
Adjoeng Djeksa, oegi wonten Bin-
djai. Poenika bangsa Tionghoa
ingkang sapisanan dados Adjoeng
Djeksa.

Goeroe wedalan H. K. S.

Resmi njerat wonten Sedyas Tama
no. 175, kados ing ngandap poenika:
„Gadjegipoen Sedyas Tama we-
dalan woelan Djoeni angka 131
ngewrat karangan mawi irah-irahan:
ambtenaar inspectie pamoelangan
Djawi. Wosing karangan: amesték-
aken bilih para opziener wedalan
H. K. S. poenika pamriksanipoen
langkoeng saé tinimbang wedalan
Kwekschool, awit seserepanipoen
inggil.

Margi makaten waoe sadèrèk
Resmi anggenahaken bilih pandoegi
makaten poenika dora. Goeroe H.
K. S. poenika inggiling seserepan-

ipoen ingkang langkoeng namoeng
basa Walandi, toer boten soemerep
alang oedjoering sakolahan angka
kalih, déné pakarjanipoen namoeng
moelang wonten klas III, IV, V, ing
H.I.S., kados-poendi sagedipoen
toemindak saé bilih goeroe wedalan
H.K.S. kadadosaken Schoolorpiener.
Kadjawi poenika seserepanipoen
dateng basa Djawi, mangsa njamè-
nana goeroe wedalan kwekschool,
normaalsch.; kalijan goeroe bantoe
kémawon bokmanawi kawon, lah
kok badé mriksa goeroe-goeroe
waoe. Éwadéné manawi ambek
koemaloengkoeng, goemoena, mang-
sa borong.”

(Makaten andaranipoen sadèrèk
Resmi waoe. Rikala kita nampi
kabar bilih sadèrèk Soepardi anga-
dani wontening serat woelan
„Pengadjar” (kanggé Normalisten??),
ing batos koela sampoén anggadahi
panginten bilih ing salebeting dja-
gad goeroe dèrèng wonten ma-
noengal ingkang saèstoe. Sapoenika
kita maos andaranipoen sad. Resmi
kaseboet nginggil, kita ladjeng
angsal paseksèn malih bilih pa-
nginten koela waoe katah leresipoen.
Prakawis leres lepatipoen wawa-
tonipoen saoeudara Resmi, ing ngriki
boten kita rembag. Kita namoeng
ngatoeraken: ing djagad goeroe
dèrèng wonten karoekoenan ingkang
temenan.— Red. Sw. Tm.).

Mr. R. M. Soeripta.

Katjarijos manoe kakantjangan
saking Minister Djadjan, pandje-
nenganipoen Mr. R. M. Soeripta ka-
ngkat dados ambtenaar Indonesia.
(Mr. Soeripta poenika golongan
Natasoerata ingkang poelitikiipoen
boten dipoenadjengi golongan Ir.
Soekarna, lss.).

Koeli naton Walandi.

Kabar Aneta saking Palembang,
martosaken bilih van der Byl poeng-
gawa B.P.M. ing Lembak dipoen-
tatoni koeli. Menggah loenggoehing
prakawis: koeli boten poeroen
anggarap bebahanipoen margi ka-
wraten. Manawi kapeksa, éndjing-
ipoen (4-8-'29) badé medal. Van
der Byl ladjeng tjarijos: aloewoeng
medal sapoenika oegi (3-8-'29).
Sanalika ngrikoe koeli ladjeng ngoe-
noes glati, kasoeoekaken weteng-
ipoen v. d. B. Tatoenipoen boten
sapintena; ingkang tateo kabekta
dateng grija sakit ing Pladjoe, déné
koeli dipoentjéng.

MANTJA NEGARI.

Kabinet énggal ing Nederland.
Aneta 7 Aug. saking Den Haag
martosaken bilih kabinet énggal sam-
poén dados.
Ingkang andapoek, Jhr. mr. Ch.
Ruys de Boerenbroeuck (Katoelik) da-
dos minister Oeroesan salebeting
Nagari kalijan Tetanèn.

Jhr. mr. F. Beelaerts van Blokland,
minister Oeroesan sadjawining Na-
gari.

Mr. dr. J. Donner . . . minister
Pangadilan.

Jhr. mr. D. J. de Geer minister Fi-
nansiën.

R. H. Woltjer . . . minister On-
derwijs.*

Dr. L. N. Deckers (Katoelik) mi-
nister Defensie.

M. P. J. Reymer (Katoelik) mi-
nister Waterstaat.

Mr. T. J. Verschuur (Katoelik) mi-
nister Arbeid, handel kalijan Nij-
verheid.

* Aneta 9 Aug. martosaken, bilih pandje-
nenganipoen boten poeroen katetepaken da-
dos minister onderwijs, sebab soemelangaken,
manawi oeroesanipoen padamelan vrije uni-
versiteit morad-marid.

S. De Graaff minister Djadjan.

Mr. C. Goseling advocaat ing
Amsterdam, toewan Schaezman, ka-
lijan jhr. dr. J. Rutgers van Rozen-
burg dados warga Tweede Kamer
anggentosi toewan Ruys, Deckers
kalijan De Geer. Jhr. De Geer poe-
nika parté Chr. Hist.

Réntjantj toembasan.

Wonten ing serat kabar Excel-
sior kaseboetaken manawi Dr. Mei-
zan nembé kémawon ngintoenaken
rapport dateng volkenbond babagan
réntjantj toembasan toewin tjang
nèger.

Manoet oengeling rapport ing ta-
nah Arab, Soedan lan Missynië bab
dagang réntjantj toembasan gesang
malih. Sataoen-taenipoen langkoeng
saking 2000 tjang nèger ingkang
kasadé kadadosaken réntjantj toem-
basan. Ing kita Hedjaz oeger tjang
sadé réntjantj toembasan satoeng-
gal kedah mbajar paos 300 frank.
(1 frank aosipoen kinten-kinten
f 0,50), kanggé ratjak réntjantj sa-
toenggal kinten-kinten regi f 1200.
Ingkang moeroegaken awis poenika
laré èstri nèger, déné tjang sepoeh
reginipoen namoeng antawisipoen
f 250 lan f 500.

Ing pelabohan Djidah peken rént-
jantj toembasan tjelak kalijan da-
lemipoen consul-consul kradjan Éro-
pah, (Poenapa prijantoen waoe sa-
daja sami kèndel kémawon? Red.
Sw. T.). Sang praboe Ibn. Saed
kagoengan réntjantj toembasan
atoesan (kirang langkoeng 200) sa-
mi njamboet damel ing pategilan toe-
win sabin-sabin.

Ing djadjan Yemen réntjantj toem-
basan sampoén ngambra-ambra,
ngantos tjatjahipoen saged oegi
nglangkoengi katahing tjang limrah.
Dados oeger tjang satoenggal apes
gadah réntjantj toembasan satoenggal.